



Sekirite Kont Ensandi nan Kay



Itilize konsèy ak lis verifikasyon sa yo pou ede asire ke ou, fanmi ou, ak kay ou an sekirite.

Atik ki pa tcheke yo ka mete ou an pi gwo danje ensandi

Chofaj

- Aparèy chofaj anba mi yo dwe omwens 12 pou sèkans lwen de rido ak mèb.
- Chemine ak lòt sistèm chofaj enspekte, netwaye, e repare chak ane.
- Chofaj pòtab omwens 3 pye de kabann ak founiti; ploge dirèkteman nan mi, e etenn lè ou kite sal la oswa ale domi.
- Chak chemine gen yon ekran an metal ki solid

Elektrisite

- Itilize mwens kab ekstansyon ke posib. Itilize miltipriz ki gen yon protektè tansyon ki elve.
- Kab ekstansyon dwe sèlman itilize pou itilizasyon tanporè; yo pa kroue sou mi, ale anba tapi, oswa andedan pòt.
- Ti aparèy menaje, tankou tostè, deploge lè yo pa itilize
- Aparèy menaje gen yon so apwobasyon pa yon laboratwa tès endependan

Kwizin

- Manje k ap kwit pa rete san siveyans e fou a pa gen ankenn bagay ki ka pran dife.
- Fou a pa janm itilize pou chofe kay la



Sekirite Kont Ensandi nan Kay



Antretyen Kay

- Alimèt ak brikè kenbe lwen de timoun nan yon kote ki an sekirite
- Penti, vèni, ak lòt bagay ki flamab ranje nan yon vesò an metal e nan yon kote ki fre.
- Sann dife ki sòti nan chemine ak babekyu, dwe jete nan yon vesò an metal sèlman
- Bouji yo sèlman limen lè gen yon moun k ap veye zye sou yo, e mete nan yon vesò ki solid lwen bagay ki ka boule.

Detektè Lafimen ak Monoksid Kabòn (CO)

- Detektè lafimen ak Detektè CO enstale nan plafon oswa anlè mi a nan chak chanm, deyò chak kote moun dòmi, ak nan chak etaj kay la.
- Detektè yo teste chak mwa e batri yo chanje yon fwa pa ane.
- Si detektè lafimen oswa detektè CO a sonnen, sòti e rele 9-1-1.



Sekirite Kont Ensandi nan Kay



Konsèy pou evakye an sekirite

Diskite e Pratike sa yo:

- Plan evakyasyon ak tout fanmi ak gadyen – pandan lajounen ak lannwit.
- Gen yon plan pou chak espas ak chak moun nan kay la.
- Chak kay dwe gen deu jan pou sòti, konpri fenèt.
- Asire ke fenèt ki itilize pou evakye ka ouvè fasil

Ba sekirite an fè nan chanm yo dwe gen yon aparèy ki pèmèt li detache fasil e tout moun nan kay la ka manevre li

- Gen yon kote pou rankontre deyò, lwen de kay la kote ou pral rele 9-1-1
- Si ou wè lafimen, eseye yon lòt jan pou sòti. Si ou pa ka evite li, ranpe ba e sòti rapid.
- Rete deyò e pa rerantre andedan. Posesyon ka ranplase, ou pa ka ranplase.

